

**JANJIAN AK DAYANA AL WÈ
DLO ANBA TÈ...**

NAN ZÒN SATIRE

Istwa: Leanne Appleby ak Peter Russell
Desen: Fortunato Restagno
Adaptasyon: Sabine Cherenfant

© 1993

© 1993 Leanne Appleby, Peter Russell (tèks la)

© 1993 Fortunato Restagno (desen yo)

1^{ve} edisyon, Novanm, 1993 (Angle)

2^{yèm} edisyon, Mas, 2017 (Angle)

3^{yèm} liv dijital, Jiyè, 2020 (Angle)

4^{yèm} liv dijital, Octòb, 2020 (Panyòl)

5^{yèm} liv dijital, Desanm, 2020 (Grèk)

6^{yèm} liv dijital, Fevriye, 2021 (Chinwa)

7^{yèm} liv dijital, Septanm, 2021 (Franse)

8^{yèm} liv dijital, Septanm, 2021 (Endonezi)

9^{yèm} liv dijital, Septanm, 2021 (Osa)

10^{yèm} liv dijital, Octòb, 2021 (Ongwa)

11^{yèm} liv dijital, Octòb, 2021 (Afrikaans)

12^{yèm} liv dijital, Desanm, 2021 (Oudou)

Tout dwa rezève

Earth Sciences Museum

ISBN 978-1-7387470-3-0

Distribisyon liv la:

Earth Sciences Museum

University of Waterloo, Ontario, Canada N2L 3G1

Tradiksyon Kreyòl: Sabine Cherenfant

Janjan ak Dayana Al Wè Dlo Anba Tè... Nan zòn satire.

Istwa: Leanne Appleby ak Peter Russell
Desen ak konsèp liv la: Fortunato Restagno
Tradiksyon Kreyòl: Sabine Cherenfant

Yon chapo ba pou
Deanna Armstrong
ki soti Youngstown, Alberta epi
ki ba nou peskpektiv dlo anba
tè yon vè.



Janjan, ki se yon vè, te soti nan tè ak tout sak li. « Jodi a se yon bon jou pou m al jwe », li di. Nwaj yo te kòmanse ap fè yon sèl. « Hmm, genlè pral gen lapli », Janjan panse. Li eseye deplase pi vit nan jaden an.



Byen wo anlè Janjan, nan nwaj yo, Dayana Ti Gout Dlo ak zanmi li yo rasanble pou yon nouvo avanti.



Janjan leve je li menm moman Dayana t ap ateri. Li lonje men l pou l kenbe l. Lòt gout dlo yo tonbe atè epi pèkole nan tè a.



Imajine jan Dayana sezi lè li realize ke li pa tonbe atè epi pèkole nan tè a.




« Mwen rele Dayana Ti Gout Dlo. Mwen dwe ale nan yon avanti dlo anba tè epi pèkole ak zanmi m yo! » « Pèkole? », Janjan mande. Dayana rebondi nan men Janjan epi eksplike: « Lè gout dlo antre epi glise nan tè a, li rele pèkole! Ou vle vini avèk nou? »



« Tann mwen, Dayana. » Janjan rale pèl li nan sak li a, epi, byen vit, li fouye tè a. Li te fasil pou fouye tè sab kite sèk. Men tè a te kòmanse vin lou. « O, travay sa di! », Janjan di.




Twou a te kòmanse plen dlo. « Se premye fwa m ap pase nan yon tab dlo », Janjan di. Li kouri mete mask pou l respire pou l te ka ratrape Dayana.




« Sa a fasil pou fouye », Janjan di pandan ke li ap pouse ti wòch sou kote.



« Byenvini nan zòn satire, Konpè Vè », Dayana di. « Tanpri, rele m Janjan. » « Oke, Janjan », Dayana di. « Gade alantou ou. Konnya, nou nan yon akifè gravye kote tout ti wòch antoure ak dlo. »



Zanmi Dayana yo pase nan mitan gravye ti wòch ak grenn sab fen. Yo tòde, epi yo frape lè y ap deplase nan akifè a.



Janjan fouye l fouye sab fen an vit vit pou li pa rete dèyè.



Janjan ak Dayana rive nan yon kouch kote lòt gout dlo te rete chita depi lontan. « Kisa sa a ye, Dayana? », Janjan mande. « Sa a, se yon akita », Dayana eksplike. « Lè grenn yo vin fen anpil, yo rele yo limon ak ajil. Espas ki genyen ant grenn ki nan akita tèlman piti ke gout dlo paka vwayaje nan yo. Gen gout dlo ki eseye, men li pran yo yon bon bout tan. »



Pandan yo t ap kontinye avanti yo a, yo te kòmanse avanse pi vit
bò yon tib nan sab la. « Anmwey! », Dayana rele, « n ap antre
nan yon pi. » « Yon pi? », Janjan mande.




« Gen bèt nan sifas tè a ki mete yon tib metal nan tè a pou yo rale gout dlo », Dayana di. Youn nan bèt yo se te Mesye Jozèf ki t ap plen yon bokit ak dlo pou kochon li yo bwè. Kèk gout dlo te rebondi anlè bokit la pou yo pèkole nan akifè a ankò.



Yo te pase pi a san danje. « Zanmi m yo ap koule soti nan akifè a pou yo antre nan yon kouran gout dlo », Dayana di. « Ou konn naje, Janjan? » « Non », Janjan reponn. « E byen », Dayana di, « an nou remonte nan zòn ki pa satire a kote zanmi ou yo ap viv. »



« O, men lè frè! Pa gen lapli ankò », Janjan di lè l ap retire mask li a.



Yo tonbe sou yon bèl wòch cho. « Konbyen tan avanti sa a te pran? », Janjan mande. « Pa anpil tan fwa sa a », Dayana eksplike. « Si nou te vwayaje nan menm vitès ak zanmi mwen yo, li te ka pran nou semèn ou byen ane pou nou rive la. »



Dayana te kòmanse vin cho, epi tèt li te kòmanse ap vire. « O, m ap evapore! », Dayana di. « Pa enkyete ou, sa a se yon pati nan avanti a tou. N ap wè yon jou ankò! »



Dayana evapore, li tounen vapè dlo byen vit monte nan nwaj. « Mèsi », Janjan rele. « Mèsi pou yon bèl avanti. Retoune byen vit! »



Après Dayana te evapore, Janjan te imajine avanti yo nan tèt li.
Konnya, li te konnen ki jan sik dlo travay, epi li te sèten ke yon jou
l ap wè Dayana ankò.

Glosè Tèm Yo

Akifè

Yon zòn anba tè ki fèt ak oswa wòch oswa tè ki pou bay ase dlo nan yon pi pou yon kay, yon fèm, yon vilaj, oubyen yon vil. Dlo, anjeneral, deplase byen vit nan akifè yo.

Akita

Yon kouch wòch, limon, oubyen ajil ki pa pèmèt dlo pase nan li ase vit pou moun ka itilize dlo a kòm sous. Dlo deplase trè dousman nan akita yo.

Evapore

Dlo an fòm likid k ap chanje an vapè (vapè dlo ki rete nan lè). Sa a rive nan sifas tè a kote tè a vin sèch chak fwa pa gen lapli.

Pèkole

Lè dlo ap desan antre nan gravye, sab, limon, oubyen wòch.

Pi

Yon twou ke yo fouye, oubyen pèse, nan tè a pou yo pompe dlo ki nan akifè a. Anjeneral, lè ou ap gade pi a sou sifas tè a, li sanble yon tiyo.

Sik dlo

Dlo deplase nan yon sik natirèl ki pa janm fini. Dlo nan atmosfè a tonbe sou tè a sou fòm lapli ak nèj, epi li retounen nan atmosfè a lè li evapore sou tè a, nan kouran dlo, nan lak, nan rivyè, ak nan oseyan.

Tab dlo

Yon zòn ki anba tè a kote dlo al chita lè yo fouye yon twou. Tout ti twou ak espas ki ouvè anba tab dlo a plen dlo.

Transpirasyon

Plant ak bèt itilize dlo epi yo voye li nan lè tankou ti gout dlo vapè. Ou ka wè dlo ke ou ap transpire a (ekspire) lè fè frèt, oubyen gade vapè dlo kondanse sou yon glas oswa yon fenèt lè w respire sou li!

Vapè dlo

Vapè dlo kondanse an ti gout dlo anwo nan atmosfè a pou yo fòme nwaj epi soti nan nwaj yo pou retounen sou tè a ankò. Se konsa sik dlo a kontinye.

Zòn ki pa satire

Gravye, sab, limon, oubyen wòch anlè tab dlo a kote tout ti espas ak twou yo plen lè ak dlo. Dlo pase atravè zòn ki pa

satire a pou li ale nan tab dlo a.

Dlo ki ap pase nan zòn ki pa satire a ka koze tab dlo a monte pi pre sifas tè a aprè lapli oubyen lè nèj ap fonn. Nan tan sèch, tab dlo la redesan.


Zòn satire

Zòn anba tab dlo a kote espas ki fèt an gravye, sab, limon, oubyen wòch lan plen dlo.

Piblikasyon liv la: Earth Sciences Museum, University of Waterloo, Waterloo Centre for Groundwater Research, and Edviro Enterprises Inc., Waterloo, Ontario, Canada. ©1993.

Istwa: Leanne Appleby ak Peter Russell

Desen: Fortunato Restagno.



ROMANO BARBASCO © Oct. 1992



EARTH SCIENCES
museum
UNIVERSITY OF WATERLOO

<https://uwaterloo.ca/earth-sciences-museum/>